Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN RI PYETON NAN OLEAN (WALKABLE OLEAN)

Anba Lavil Olean Transfòme pou Sekirite, Pwomnad ak Dirabilite ki Amelyore

Pwojè Priyorite Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York La Sipòte Revitalizasyon Anba Lavil nan Konte Cattaraugus

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, Achèvman Pwojè Transfòmasyon Ri Pyeton North Union Street la nan Olean (Walkable Olean North Union Street Transformation Project). Pwojè a redevlope peyizaj ri yo ak enfrastrikti vè ki entegre sou tout North Union Street yo pou amelyore sekirite ak dirabilite sikilasyon otomobil ak pyeton yo. Lè n kreye yon kominote pyeton nan kè Olean, Ri Pyeton nan Olean nan kontribye nan devlopman ekonomik distri biznis santral vil la. Ri Pyeton Olean nan te nome kòm yon pwojè priyorite pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York la (Western New York Regional Economic Development Council, WNYREDC) an 2011.

Gouvènè Cuomo te di: "Pwojè sa ap pèmèt kominote lokal la atire nouvo opòtinite epi kontribye nan repriz ekonomik Olean ak tout rejyon an. Anba lavil nou yo se kè kominote nou yo, e lè nou envesti nan yo, nou ede bati yon New York ki pi solid, pi dinamik e pi pwospè."

Pwojè sa rezoud deteryorasyon alontèm enfrastrikti Olean sou tout North Union Street la ak anpil modènizasyon ki te gen lontan pou fèt. Objektif pwojè a se te pou amelyore sikilasyon an epi pote yon nouvo anbyans nan ri a ki t ap ede revitalize biznis yo an retou, sou tout ri a. Pandan pwojè a, biznis Olean sou North Union Street yo te fè modènizasyon, pou akonpaye redevlopman peyizaj ri yo, ki enkli nouvo twotwa, fasad ak ovan. Anplis redevlopman peyizaj ri yo, pwojè a mete ajou tou, tiyo dlo ak tou egou yo, lanpadè nan lari yo ak yon pasaj nivo.

Ri Pyeton Olean an te sipòte pa yon Sibvansyon 865,000 dola pwojè inovasyon vè (Green Innovation Grant) ki soti nan New York State Environmental Facilities Corporation (EFC) pou antre enfrastrikti vè ki genyen ladan l, plant lari pou dlo lapli, biyoretansyon, pavman ki penetrab, ak jaden lapli, nan pwojè rekonstriksyon an epi fikse mezi pou konsepsyon peyizaj ki pi vè. Anplis, lè n rasyonalize sikilasyon an epi fasilite anbouteyaj la, pwojè a ap diminye emisyon yo epi amelyore dirabilite a. Ri Pyeton Olean nan te resewa tou yon pati nan sibvansyon 1 milyon dola ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York atravè Empire State

Development.

Majistra Vil Olean, William Aiello te di: “Transfòmasyon distri biznis nou an sou tout North Union Street la pa sèlman genyen ladan l wonpwen ak yon medyän, men tiyo dlo ak tou egou nou yo e lanpadè lari nou yo te modènize. Kounye a, fil lèd ki te konn pase nan tout lari a antere anba tè, e pasaj nivo nou an te modènize.”

Jeff Belt, Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York ak Prezidan SolEpoxy, te di: “WNYREDC te travay di pou ankouraje nouvo devlopman anba lavil ak ri prensipal atravè rejyon nou an, e Ri Pyeton Olean nan se yon pwojè ke mwen fyè de li an patikilye. Konsèy nou an te defann pwojè sa e yo te ouvri wout la ak premye lajan ki te antre, e patnè nou yo nan EFC yo ak gouvènman federal la te swiv. Nou kwè nan Olean paske Olean se yon bèl vil ki gen atou remakab, ke n ap mete an valè lè n kreye yon destinasyon anba lavil kote moun ka mache e ki efikas.”

Satish K. Tripathi, Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York e Prezidan Inivèsite nan Buffalo (University at Buffalo) te di: “Rejyon nou an te fè pwogrè ki ekstraòdinè pou fè pwomosyon prensip ak kwasans ki entelijan kòm yon estrateji devlopman ekonomik. E ak pwojè Transfòmasyon North Union Street la, n ap obsève siy pwogrè devlopman ekonomik ki reyèl nan Olean. Antanke youn nan premye pwojè priyoritè WNYREDC nou yo, Ri Pyeton Olean nan fè zòn North Union Street la vin yon destinasyon pwomnad, ki agreyab pou moun ak biznis.”

PDG e Delege Empire State Development, Howard Zemsky te di: “Yon pwomnad nan North Union Street ofri yon eksperyans ki sanble ak sa n ap fè pou revitalize sant vil Eta New York yo. Pwojè Redevlopman North Union nan se yon etap vizyon estrateji kwasans entelijan WNYREDC la ki konbat ekpansyon iben, ogmante envestisman anba lavil yo epi ankouraje devlopman izaj miks ki kreye opòtinite pou biznis ak rezidan yo — e sa ap pote yon nouvèl vi nan Olean.”

Sabrina M. Ty, PDJ New York State Environmental Facilities Corporation te di: “Pwosesis Aplikasyon Finansman Konsolide Gouvènè Cuomo a ak Pwogram Sibvansyon Inovasyon Vè (Green Innovation Grant Program) a bay EFC nan opòtinite pou fè patenarya ak kominote tankou Vil Olean, pou demontre benefis pou kreye pwojè enfrastrikti vè. Pwojè Ri Pyeton Olean nan mete aksan sou enpak pozitif konstriksyon wout vè, ki enkli: wout pyeton, apezman sikilasyon, jesyon dlo lapli epi redwi inondasyon lokalize.”

Delege Ministè Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), Matthew J. Driscoll te di: “Pwojè Ri Pyeton Oleon nan se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou transpò efikas e an sekirite, pandan l ap konsève kalite kominote nou yo nan tout Eta New York. North Union Street te transfòme an yon ri “konplè” ki pa sèlman apeze sikilasyon men ki founi deplasman ki pi an sekirite pou pyeton ak siklis yo, pandan l ap kontribye nan revitalizasyon ekonomik vil Olean nan.”

Senatè Catharine Young te di: “Pwojè Ri Pyeton Olean nan te kreye yon peyizaj ouvè, ki agreyab pou pyeton k ap atire rezidan ak vizitè yo epi k ap revigore anba lavil vil nou yo. Avèk premye faz pwojè a ki fini an, Vil Olean fè yon gwo pa pou ankouraje politik ki fè pwomosyon konsèvasyon, re-itilizasyon ki adapte, espas plizyè izaj ak lojman modèn. Vil la te fè pwogrè ekstraòdinè tou ki modènize nesesite entrastrikti enpòtan tankou tiyo dlo ak tou egou yo, pou pèmèt gen ekonomi alontèm ki fèt pou kontribyab yo. Envestisman eta a te jwe yon gwo wòl pou travay ki fèt nan Olean nan.”

Palmantè Joseph Giglio te di: “Achèvman Pwojè Ri Pyeton North Union Street la se yon egzanp enpòtan sou fason pwojè enfrastrikti yo favorize ti biznis epi konstwi sibstans vil yo. Sa etonan ke n ap fè vil yo vin tounen jan yo te ye nan tan lontan an, kote vwazen yo ka mache epi pale youn ak lòt. Pwojè sa ranfòse anba lavil Olean e l ap kontinye revitalize vil la pou ane k ap vini yo.”

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils, REDC)

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Gouvènè Cuomo sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak moun ki konsènen ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, apwòch soti anba pou monte ak kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre senk sik nan pwosesis REDC a, yo te akòde apeprè 4 milya dola pou plis pase 4,100 pwojè kreyasyon travay ak pwojè devlopman kominotè ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon, ki pwojte pou kreye oubyen konsève plis pase 200,000 dyòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###